# Suw dereklerinen nátiyjeli paydalanıw – turmıslıq zárúrlik

Usı jıldıń 2-iyul kúni Qanlıkөl rayonı "Jańa qala" awıl puqaralar jıyınında jaylasqan "Genjebek" fermer xojalıǵında suwdı únemlewshi texnologiyalardıń abzallıqları, tákirariy egilgen eginlerdi suwǵarıwdı shөlkemlestiriw boyınsha kөrgizbeli seminar bolıp өtti.

Image not found or type unknown

Seminarǵa Ózbekstan Respublikası Suw xojalıǵı ministri Sh.Xamraev, Qaraqalpaqstan Respublikası Suw xojalıǵı ministri J.Uzaqov, rayon hákimi A.Ibragimov, hákim orınbasarları, sektor baslıqları, suw xojalıǵı bөliminen tiyisli wákiller, sonday-aq, klaster shөlkemi hám fermer xojalıqları baslıqları qatnastı.

Image not found or type unknown

Seminar barısında, rayonda iskerlik alıp barıp atırǵan fermer xojalıqlarına suwdan únemli tárizde paydalanıwdıń metodları, abzallıqları boyınsha keńnen túsinikler berildi. Usı sheńberde, fermerler suwdı únemlew boyınsha óz tájiriybelerin bildirip, pikir hám usınısların keltirip ótti.

Image not found or type unknown

Qanlıkól rayonı hákimligi Málimleme xızmeti